

## ХУАРЗ КА АРАЗУЙ, Е ÆЙ, ФИЦЦАГИДÆР, ÆХЕЦÆН КÆНУЙ!..

*Номдзуд уруссаг финсæг Антон Чехов (1860-1904) финста: «Амондгун адæймагæн æндегæй æ дуармæ гъæуама еске лæууа æма имæ рæстæгæй-рæстæгмæ, цит, бахуайа, цæмæй ин æ зæрдæбæл æрлæууун кæна, зæнхæбæл æнамонд дæр ке цæруй, уæдта амонди фæсте æнамонд ке æрбахезуй, уой...»*




Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

# Дигорæ

№7 (833) 2022 анзи 11 мартъи – кæрдæгæзмæлæни мæйæ

Аргъ 1 туман


## НОМЕРÆН



## Æ ФАРНÆЙ ХАЙГИН АН АБОНИ ДÆР МА...

Аййевадæ… Уогæ ба куд æгæрон æй дæ тухæ – цийфæнди æндон къæдзæхи реу дæр бакъæрт кæнис!.. Мадта цæйбæрцæбæл бæркадгин дæ – дæ фæрци гъæздугæй-гъæздугдæр кæнуй адæми монон фарнæ!.. Дæ рохсæй адæймаги зæрдæ нифсгундæр кæнис æ уæлмонцти, разæнгард æй кæнис арфиаг гъуддæгутæ исфæлдесунмæ!.. Уоди хуасæ исуис цардарæзти фуддзаманти – дæ фæрци нигъгъос унцæ æхсаргæрдти зæлланг, фуддзийнадæ аразæг знаги нифс басæттис…

Дæ еци æма ма берæ æндæр хуæрзагæдтæ ба исæцæг унцæ дæуæн уодуæлдай æма рæстзæрдæй ка лæггадæ кæнуй, уони фæрци. Уонæй ба еу адтæй Цæгат Иристони æма Уæрæсей Федераций культури æскъуæлхт косæг Гæбути Зойæ.

Абони ба 'й уомæ гæсгæ имисæн, æма 5 феврали æ райгурдбæл исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1932-2015). Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 6-7-аг фæрстæбæл.

## АХСГИАГ ФАРСТА



## ÆРГЪТИ ИРÆЗТ БАУОРАМУН ГЪÆУЙ

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий Сæргълæууæг Сергей Меняйлойæн адтæй фембæлд нæ республики амалгъонади минæвæртти хæццæ. Дзубанди цудæй исæвзурæг экономикон уавæри æргъти ирæзтмæ цæстдаруни мадзæлттæ исаразунбæл.

– Нæ республики цæргутæ гъаст кæнунцæ, хуаллæгти æргътæ фæстаг бæнтти ке ирæзунцæ, уой фæдбæл. Абони зин уавæрбæл сагъæсгæнгæй, нæ ихæс æй æргътæ «спекулятивон» ирæзтмæ ма 'руадзун. Фиццагидæр, уордæмæ хаст цæунцæ, социалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, еци гъæугæ хуаллæгтæ æма хуастæ, – фæннисан кодта Сергей Меняйло.

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий экономикон ирæзти министри фиццаг хуæдæййевæг **Олег Быкадорови** гъудимæ гæсгæ, хуаллæгти æргъти ирæзти анхосæгтæ æнцæ, республики фæлхасадон базарадæмæ æндæр рауæнтæй ци хуаллæгтæ ласт цæунцæ, еци регионти хæццæ бастдзийнади фарстатæ. Уæлдай сагъæссаг – коммуналон лæггæдтæ, гъæууон хæдзаради хуаллæгтæ уадзгути хеæвæрд æргътæ.

Нæ республики фæзуатбæл æргътæмæ цæстдаруни фæдбæл Сергей Меняйло профилон министрадæн байхæс кодта, аллибон мониторинг аразун, æнæмæнгæ гъæугæ товарти æргъти ирæзт бæрæг кæнун.

2



## ИРИСТОН СИН РÆДАУ ФУСУН ИСУОДЗÆНÆЙ!..

Республики Сæргълæууæг Сергей Меняйлой амундæй, æрæги адтæй алликъуæреуон аппаратон æмбурд.

Æмбурди архайгутæ еу минут æдзæмæй ралæугæй, исисирдтонцæ е 'фсæддон ихæс æнхæст кæнгæй, Украини ка фæммард æй, уæрæсейаг еци салдæттæ æма афицерти рохс нæмттæ. Цæгат Иристонæй си ка фæммард æй, еци æфсæддонти хæстæгутæн еугурвæрсуг агъаз бакæнун – уæхæн ихæс Сергей Меняйло исæвардта республики Хецауадæ æма муниципалитетти размæ.

Æмбурди архайгутæ сæйраг æргом раздахтонцæ Донецк æма Луганск адæмон республикитæй лигъд адæми фарстатæ лух кæнунмæ. Абони нæ республикæмæ æрбацудæнцæ 156 адæймаги, уонæй 112 – сувæллæнттæ. Сæ еугурдæр æрбунат кодтонцæ санаторий «Æвзонгадæ» æма сувæллæнтти реабилитацион центр «Тæмиски».

2

**НÆ МАДДÆЛОН ДИГОРОН ÆВЗАГ ХЪÆЗАР КÆМÆН ÆЙ, Æ КАРНÆБÆЛ ИН КА ТУХСУЙ, УОНÆЙ КОРÆН ÆМА**

## РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»

**Æ РАФИНСУНИ АРГЪ 2022 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ.**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР**

*Рагонбердзенаг поэт Софокл: «Æз æнгъæл дæн, æма лæг хуарз ку кæна, уæд уомæй хуæздæр цард нæййес. Нæй уомæй хуæздæр игъæлдзæгдзийнадæ, лæг зæрдиагæй ку гъуди кæна, хуарзи бацудтæн, зæгъгæ. Аци хуарз амонд æз бавзурстон, æма уомæн æвдесæнæн лæууй мæ намус...»*






# «ФÆСЕВÆДИ ХÆЦЦÆ КУСТ ГЪÆУАМА ФÆЙЙАХЕДГÆДÆР КÆНАЙТÆ...»

Цæгат Иристони фæсевæдон еугæндти разамонгути хæццæ фембалдæй республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло. Дзубандигæнгутæ се 'ргом раздахтонцæ, нуртæккæ ци æндагон политикæ исæвзурдæй, уомæ. Сергей Меняйло дзуæппитæ равардта фæсевæди фарстатæн.

– Мæнмæ гæсгæ, хуарз лæдæретæ, нуртæккæ мах ци уавæри ан, уой. Уæрæсе Украини нихмæ нæй, фал нацизм æма фашизм ка нæ римæхсуй, уони нихмæ æрлæудтæй. Нигулæн бæститæ исфæндæ кодтонцæ Уæрæсе ниппурхæ кæнун. Гъуди кæнун, Хонсар Иристон æма Абхазий ци уавæртæ исæвзурдæй, уони. Нуртæккæ баргунæй нæ загъд ку нæ райгъустайдæ, уæд уæззаудæр фæстеугути хæццæ исæмбалдайанæ. Айдагъ Донецк æма Лугански Адæмон республикитæ нæ, фал еугур Уæрæсе дæр тæссаг бунати адтайдæ. Гъæуама кæнæн развæлгъау къахдзæфтæ, æндæр гæнæн нин нæййес. Президент унаффæ рахаста, мах æ хæццæ арази ан, – загъта республики Сæргълæууæг.

Социалон хизти ци зулунмæ хабæрттæ райвæрунцæ, Сергей Меняйло уомæ раздахта уæлдай æргом.

– Уæрæсей нихмæ исаразтонцæ агъазиау информацион тугъд, гъавунцæ цæргути æма, фиццагидæр, ирæзгæ фæлтæри зундирахаст исæмæнтъери кæнун. Уотемæй адæм рæдуд унаффитæмæ рахездзæнæнцæ, уомæн æма, парахаттæй ци хабæрттæ игъосунцæ, уоми раст æма мæнгæ гъуддæгутæ зин равзарæн æнцæ. Гъæуама еугур хабæрттæмæ дæр кæсæн критикон цæстингасæй, политикон гъуддæгутæ æвзарæн, айдагъдæр кæбæл æууæндæн, еци игъосункæнуйнæгтæбæл æнцойнæ кæнæн, – бафеппайдта республики Сæргълæууæг.

Фембæлди архайгутæмæ фæсседгæй, Сергей Меняйло загъта, цæмæй фæсевæдон организацити куст фæгъгъомусгиндæр кæнонцæ:

– Нуртæккæ гъæуама фæсевæди хæццæ куст фæййахедгæдæр кæнайтæ, сумахæй берæ аразгæ 'й. Айтæ лæдæргæ, федар зундирахасти хæццæ адæм, абони цаутæ нæ гъæуама байеу кæнонцæ. Сæрмагонд тугъдон операций ка архайуй, еци фæсевæди усхъитæбæл æрæнцадæй уæззау уаргъ, фал ми æруагæс кæнуй, æнтæстгинæй æй ке исæнхæст кæндзæнæнцæ. Махæн нæ ихæс æй республики æхсæнадæ байеу кæнун æма нæ фæсевæди фарс рахуæцун.

# ИРИСТОН СИН РÆДАУ ФУСУН ИСУОДЗÆНÆЙ!..



Республики æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади министр Тебиати Сослан куд радзурдта, уотемæй алли социалон косæндонæбæл дæр бафедар кодтонцæ, Донецк æма Лугански цæргутæн медицинон агъаз бакæнун, уой хæццæ, психологон агъаз кæми кæндзæнæнцæ, еци поликлиникити. Сергей Меняйло бафеппайдта, сæ цæрæн хæдзæрттæ ка ниууагъта æма рæстæгмæ нæ республики ка æрбунат кодта, еци адæмæн сæ фарсмæ æнæсцохæй ке гъæуама уонцæ медицинон косгутæ æма гъæуайгæнгутæ.

Республики наукæ æма ахуради министр Алибегти Эллæ куд радзубанди кодта, уотемæй Донецк æма Лугански сувæллæнттæн гæнæн уодзæнæй Цæгат Иристони скъолати сæ ахур раидарддæр кæнунæн.

– Абони нæмæ æрцудæй лигъд адæми дуккаг къуар. Уонæй 49 сувæллони ахур кæндзæнæнцæ Дзæуæгигъæуи скъолати. Муниципалитеттæ син фæййагъаз кæндзæнæнцæ къанцелярон товартæй. Скъолати син уодзæнæй гъар хуæруйнаг. 63 сувæллони ба цæрдзæнæнцæ æма ахур кæндзæнæнцæ «Тæмиски», – загъта министр.

Сергей Меняйло куд бафеппайдта, уотемæй сувæллæнтти ахури фарстай еунæг къулумпи дæр гъæуама ма уа. Фæллойнæ æма социалон ирæзти министради æргом ба раздахта, паддзахадон арæнти сæрти рахезæг нæ республикæмæ æрцæуæг еци лигъд адæмæй, ка син æмбæлуй, еци 10 мин соми алкедæр райста æви нæ, уой исбæрæг кæнунмæ.

– Æнæ еци бафистæй еунæг адæймаг дæр куд нæ байзайа, уотæ, – баханхæ кодта республики Сæргълæууæг.

Украини цæуæг тугъдон цаути Цæгат Иристонæй ци æфсæддонтæ архайуй, уонæн æрæги æрвист æрцудæй гуманитарон агъаз. Уомæй уæлдай, нæ республикæ Донбассмæ рарветдзæнæй машинæ арæзтадон æрмæгути хæццæ. Сергей Меняйло республики разамундæн æ размæ исæвардта никкидæр ма еу ахсгиаг ихæс – æнæмæнгæ гъæугæ товартæ æма хуаллаги æргъти æнæбундор ирæзт не 'руадзун æма еци гъуддагмæ еудадзугдæр цæстæ дарун.

Æхсæнадон транспорти фæндаггаги тарифтæмæ ба цæстæ дарун республики Сæргълæууæг бабарæ кодта транспорт æма фæндаггон инфраструктури Комитетæн.

Уомæй уæлдай æмбурди архайгутæ æркастæнцæ социалон-экономикон фарстатæмæ, республики эпидемиологон уавæрмæ, уæдта, Уæрæсей Федераций Президенти æма нæ бæсти Хецауади унаффитæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уомæ.

***

Цæгат Иристони ахурадæ æма науки министри хуæдæййевæг Мæхъити Людмилæ куд фегъосун кодта, уотемæй Донецк æма Лугански Адæмон Республикитæй нæмæ æрбацæуæг сувæллæнтти сæ ниййергути аразийæй байуардзæнæнцæ нæ республики ахургæнæндæнттæбæл.

Куд ма загъта, уотемæй цæгатиристойнаг уæлдæр æма астæуккаг профессион ахургæнæндæнтти студенттæй исаразтонцæ бархеуонти штаб. Лигъд сувæллæнттæн психологон агъаз кæнунæн уавæртæ дæр арæзт цæудзæнæй. Республики уæлдæр скъолати цæттæкæнунади психологон-педагогон къабæзти бархеуонтæ-студентти дæсни психологтæн агъаз кæндзæнæнцæ.

Уомæй уæлдай, бархеуонтæ алли ахургæнæндони дæр косдзæнæнцæ зундамонгутæй, уæдта сувæллæнттæн хæдзарон ихæслæвæрдтæ æнхæст кæнунæн агъаз кæндзæнæнцæ. Сувæллæнттæ къласи аллихузи айййевадон къуæртти дæр архайдзæнæнцæ.

# ÆРГЪТИ ИРÆЗТ БАУОРАМУН ГЪÆУЙ

Æ радзубандий Сергей Меняйло загътæ:

– Цийфæнди уавæри дæр æргъти ирæзт гъæуй бауорамун æма, æнæмæнгæ гъæугæбæл нимад ци хуаллæгтæ 'нцæ, уони ун базаради тугъдади багъæуай кæнун. Кæд ести къурцдзæвæнтæ исæвзуронцæ æввонггæнгути миути фудæй, уæд æз мæхуæдæг комкоммæ дзубанди кæндзæнæн хуаллæгтæ уадзгути хæццæ. Бæлвурд æй, бизнес еуæй-еу фарстати ке къулумпи кæндзæнæй, е. Абони материалон уавæрбæл нæ цæуй дзубанди, фал еумæйагæй кæрæдземæн фæййагъаз кæнунбæл. Барæй æргътæ бæрзонд кæнун æма уотемæй еу бонмæ устур æхцатæ бакосуни мадзæлттæ нæ бауадздзинан. Мах гъæуй, æргъти ирæзт ка бауорамдзæнæй, уæхæн мадзæлттæ иссерун, еци ихæс исæвардта нæ размæ Уæрæсей Федераций Президент, æма 'й исæнхæст кæндзинан.

Уомæй уæлдай, нæ республики разамонæг профилон министрадæн бабарæ кодта, аптекити хуасти æргътæмæ дæр бæлвурд цæстдаруни гъуддаг.

**РЕДАКЦИЙÆЙ:**

*Базаради архайгутæй нуртæкки уавæртæй пайда кæнгæй æргътæ ка исбæрзонд кодта, уони æдзæсгон миутæмæ гæсгæ зæрдæбæл куд не 'рбалæудзæнæй номдзуд Лев Толстойи загъд: «Давæгæн сауæнгæ миллионтæ радтæ, уæддæр æ кæнон нæ ниууадздзæнæй…» Æцæгæйдæр уотæ ке æй, уой абони ку уинæн. Æма еци æдзæсгæнттæ сæ миутæ нæ ниууадздзæнæнцæ, фал син барадон оргæнтæ ба гъæуама аккаг хузи «исаргъ» кæнонцæ.*

# КУСТИ БУНÆТТÆ – ДОНБАССИ ЦÆРГУТÆН

Цæгат Иристони Хецауадæ цæттæ 'нцæ, ку багъæуа, уæд Донецки Адæмон Республикæ æма Лугански Адæмон Республики æнæбари раледзгутæн кусти бунæттæ байагорунмæ.

Уой туххæй республики Сæргълæууæг Сергей Меняйло загъта: «Мах цæттæ ан Донбасси цæргути исиуазæг кæнунмæ. Нур дæр сæ есун райдæдтан. Косун ке фæндæуа, уонæн дæр фæййагъаз кæндзинан. Махмæ нуртæккæ ес 17 мин уæгъдæ бунати, æма лигъд адæм ку 'рцæуонцæ, уæд фæууиндзинан, ци кæнгæ нин æй, уой. Нур ба бал цæттæ ан алцæмæ дæр».

Раздæр куд игъосун кодтан, уотемæй 17 сувæллони – спортсменти фиццаг къуар æрцудæй Донбассæй. Æдеугурæй Донецки æма Лугански Адæмон республикитæй æнæбари сæ цæрæн бунæттæ ка ниуагъта, етæ 14 рауæнеми рæстæгмæ æрцæрдзæнæнцæ Цæгат Иристони. Республикæ исиуазæг кæндзæнæй 1 мин адæймагей бæрцæ.



**Нæ номдзуд æмзæнхон, Советон Цæдеси Бæгъатæр, авиаций инæлар-майор Селютин Аркадий Михаили фурти райгурдбæл 11 мартъий исæнхæст æй сæдæ анзи (1922-2002).**

*Номдзуд уруссаг финсæг Максим Горький (1868-1936) финста: «Цалинмæ дуйней рæсугъддæр æма дессагдæр фæззиндбæл адæймаги нæ банимайæн, уæдмæ нæ фæййервæздзинан царди æбуалгъдзийнæдтæ æма мæнгарддзийнадæй...»*





# АРФИТÆ ÆМА ХУÆРЗЕУГУТÆ – СИЛГОЙМÆГТÆН!..

Силгоймæгти дуйнеуон бони размæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло** Цæгат Иристони силгоймæгти хуæздæртæн равардта хуæрзеугутæ.

Региони разамонæг куд бафеппайдта, уотемæй Цæгат Иристон сæрустур æй, æ искурдиадæй, фæллойнæй, æхсæнадон царди сæрæн архайдæй æхе ка базонун кодта, еци ездон силгоймæгтæй.

«Хъазар силгоймæгтæ! Сумах нæ царди айтæ сæйрагдæр адæм, уæ бæрæгбон ралæудтæй, æма уин æхцæуæнæй арфæ кæнун. Нæ нанатæ, нæ мадтæлтæ, бийнойнæгтæ, кизгуттæ, æмкосгутæ! Аци рохс бæрæгбони фæдбæл уин арфæ кæнун. Нæ еугуремæн дæр ралæудтæй вазуггин рæстæг, алли ниййерæг дæр мæтæ кæнуй æ хъæболæбæл, æ сæрихецаубæл, е ‘фсæддон ихæс ка ‘нхæст кæнуй, уонæбæл. Æнæнез æма бухсон уотæ, уæ хеуæнтти туххæй минкъийдæр куд мæтæ кæнайтæ, уой уин мæ зæрдæ зæгъуй», – загъта республики Сæргълæууæг.

Фæндаггон къабази ирæзтмæ устур æвæрæни туххæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий фæндаггон хæдзаради æскъуæлхт косæги ном лæвæрд æрцудæй **Акъоти Иветæн.** Металлургон промышленности æскъуæлхтдзийнæдти туххæй Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æнтæстгин металлурги ном равардтонцæ **Зинаидæ Беловайæн.** Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт ахургæнæги номæй исхуарзæнхин кодтонцæ **Дзебойти Эльзи.** Республикæ Цæгат Иристон-Аланий бастдзийнади æскъуæлхт косæги ном райста **Зæнгиати Фатимæ.** Республикæ Цæгат Иристон-Аланий социалон къабази æскъуæлхт косæги ном равардтонцæ **Кисити Зæлинæн.**

Республикæ Цæгат Иристон-Аланий физикон културæ æма спорти æскъуæлхт косæги ном райста **Мæхъити Иринæ.** Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт журналист иссæй **Саутæти Тамилæ.** Республикæ Цæгат Иристон-Аланий гъæууон хæдзаради æскъуæлхт косæги ном райста **Улубиати Маргаритæ.** Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт аразæги номи аккагбæл банимадтонцæ **Иринæ Хиневичи**. Республикæ Цæгат Иристон-Аланий цæрæнуатон-коммуналон хæдзаради æскъуæлхт косæги ном райста **Цæллагти Земфирæ.**

# «МÆ ФИДИБÆСТÆ МИН МÆ ЗÆРДÆЙ МА ИСТОНÆ!..»



Нæ абони радзубандий сæргондæн ци гъуди рахастан, уой кæддæр е ‘мдзæвгитæй еуеми загъта зундгонд украинаг поэт Микола Нагнибеда. Уотæ бæргæ курдта æ карнæй, фал… Æ еци æмдзæвги ма æ карнæй уотæ дæр курдта: «Æздæнгæнæг лæгтæй мæ багъæуай кæнæ муггагмæ!..» Уомæн, æма ‘й æ курухон зундæй лæдæрдтæй, етæ, исбаргин уогæй, адæмæн айдагъдæр фидбилизхæссæг æнцæ. Æма уотæ рауадæй æ райгурæн Украини хабар. Советон Цæдеси фехæлди фудæй уоми хецауеуæггæнæг иссæнцæ гъе уæхæн æздæнгæнгутæ. Æма æнæгъæнæ бæстæ туфули багæлстонцæ, адæми устур бæлæхтæ æма гъезæмæртти бафтудтонцæ, сæ цардарæзт син бустæги ниххæлхъойтæ кодтонцæ… Е нæ, фал ма синхаг бæститæн дæр сæринезтæ аразун байдæдтонцæ. Сауæнгæ ма, Хуцауæй син æнсувæрдзийнадæн аккагонд Уæрæсей нихмæ знаггадæ нур цал æма цал анзей дæргъи аразунцæ. Мадта Украинæн æхе медæгæ ба?

Хъæбæр рагæй дæр си хæларæй æма кæрæдзей лæдæргæй ци аллихузон адæмихæттитæ цардæнцæ, уони дæр никкæрæдземæ кодтонцæ… Уогæ хумæтæг рæстзæрдæ адæм зундгиндæр æнцæ. Лæдæрунцæ ‘й, Уæрæсей æма Украини адæмти æнсувæрдзийнадæ æносон æй æма рæстæгмæ хецауеуæггæнæг къæсибадæг политикти фудзунд миутæ ’й нæ фехалдзæнæнцæ.

***

«Зæрдрохсæй æма сабурæй хатун мæ украинаг адæми историон карни киунуги сифтæ. Сабур æма уодæнцойни рæстæгути кой си берæ нæ фæууиндзæнæ. Фал си уой хигъди куд берæ ес адæми масти æма æфхуæрди туххæй, æ барти фæдбæл бæгъатæр тохи, æндæр бæсти лæборгутæ ин ци фидбилизтæ хастонцæ, уой туххæй!..»

Уотæ финста игъустгонд украинаг финсæг Микола Бажан. Кæддæр æ уацтæй еуеми («Мах дуг»-и 1979 анзи фæндзæймаг киунуги). Уæдæй нурмæ рацудæй дууинсæй анзи. Берæ агъазиау æйййивддзийнæдтæ æрцудæй уæдæй нурмæ. Кæддæри тухгин Советон Цæдес фехалдæй, хæларæй æма кæрæдзей нимайгæй аллихузон адæмтæ ци фæрнæйдзаг хæдзари еу бийнонти хузæн цардæнцæ, етæ уордигæй ледзæг фæцæнцæ. Е син устур рæдуд ке адтæй, уой нур сæхебæл бавзурстонцæ.

Уæд «хуæдбарæдзийнадæмæ» ка рахицæ кодта, етæ ма бæргæ фæсмон кæнунцæ, уомæн æма сæ «фæсцæдесон» карнæ син хиццаг нæ рауадæй…

4

## ЗУНДГИН ЗАГЪД – РÆСТДЗÆВИЙНÆ!..



*Еу лæг æ хæдзари бадтæй æма Хуцаумæ кувта, лигъстæ ин кодта, амонд, дан, мин раттæ.*

*Еууæхæни ин æ дуар кадæр æрбахуаста. Хæдзари хецау фæрсуй:*

*– Ка дæ?*

*Æндегæй имæ æрбайгъустæй:*

*– Бæлццæнттæ ан, исæнафонæ нæбæл æй… Исиуазæг нæ кæнæ, Хуцауи хатирæй…*

*Фусун дуар базихъир кодта æма æндегæй æртæ иуазæги ку рауидта, уæд сæмæ дзоруй:*

*– Æртей фагæ бунат мæмæ нæййес. Айдагъдæр еуей æй мæ бон æрбауадзун…*

*Бæлццæнттæ раздахтæнцæ, мадта ци адтайдæ. Ку æрбон æй æма хæдзари хецау æндæмæ ку рацудæй, уæд æ къæсæрбæл иссирдта гæгъæдий гæбазæ, финст си адтæй: «Мах адтан æртæ: Уарзт, Æнæнездзийнадæ æма Есбон. Мах адтан дæ амонд!..»*

***

Украини фæстаг рæстæгути разамунд дæр еци хæдзари хецауи хузæн рæузунд разиндтæнцæ. Уæрæсе син еци хæларзæрдæй цал æма цал анзей дæргъи бахуайидæ сæ дуар – сæ уæззау уавæрти син фæйййамондгундæр унæн фæйййагъаз кæнуни зæрдтæй. Фал имæ игъосæг нæ фæцæй уони ‘рдигæй, æ хуæрзфæндæ ин нæ балæдæрдтæнцæ. Уотемæй ба хорнигулæйнаг хингæнгути ба хъæбæр зæрдтагонæй исиуазæг кæниуонцæ, сæ хийнæйдзаг «унаффитæ» син æнхæст кодтонцæ. Æма? Фенамонд кодтонцæ сæ бæстæ, сæ адæми. Хуарз æма уæддæр Уæрæсе е ‘нсувæрдзийнадæ æвдесуй æма архайуй æнсувæрон Украини адæмтæн сæ кæддæри райдзаст цардиуагæ раздахуни гъуддаги фæйййагъаз кæнунбæл.



**Элиас КАНЕТТИ (1905-1994), австриаг æма британаг финсæг: «Адæймаг æ фидтæлти зунд сауæнгæ недзамантæй нури уæнгæ фембурд кодта, уæддæр имæ кæсайтæ: къумухæй байзадæй…»**

Раст цума Украини фæстаг рæстæгути разамонгути туххæй загъд æй, уотæ уæмæ нæ кæсуй? Сæ фидтæлтæ син заманай цардгъон æма фæрнæйдзаг фидибæстæ ниуугъагътонцæ. Етæ ба ‘й сæ къумухдзийнади фудæй гузавæйаг фестун кодтонцæ, адæмæн си сæ цард гъезæмайраг иссæй… Къумухдзийнадæ, дан, гъæладзийнадæ расайуй…

**Номдзуд немуцаг философ Фридрих НИЦШЕ (1844-1900) финста: «Нæ миути фæстеугутæ нин нæ хорхбæл бахуæцунцæ, кæд уæди уæнгæ «исраст уæн», уæддæр…»**



Æма уотæ нæ рауадæй, Украинæ нацистти барæ ка бакодта уони хабар? Нур ба син, фæстаг æнзти сæ адæмæн ци фудмиутæ исаразтонцæ, етæ сæхе хорх кæнунцæ – дзуапп дæттун сæ багъæудзæнæй сæ фашистон режими фудракæндтити туххæй.



**Франклин БЕНДЖАМИН (1706-1790), америкаг рохситауæг: «Хили пеллон ка иссодзун кæнуй æма æхседарфтæ ка æзгелуй, е гъæуама ма гъаст кæна, æстъæлфæнтæ æ цæсгонбæл ку исæмбæлонцæ, уæд…»**

Украини нацистон разамунд сæ кæддæри деденæгкалгæ бæсти ци медбæстон тугъди арт бандзарста, уой æстъæлфæнтæ нур ба сæхебæл ку исæмбалдæнцæ, уæд æнæгъæнæ дуйнебæл исаразтонцæ цъеувæдес: «Содзæн!..» Гъо, етæ гъаст кæнæнтæ, фал сæ сæрбæлдзоргутæ ба ‘й нæ уинунцæ, еци мæлæтхæссæг арт етæ сæхуæдтæ ке исугътонцæ, уой?..

**Советон хецаудзийнадæ Цæгат Кавкази исфедар кæнунбæл номдзуд тохгæнæг Маркус Яков Леви фурти райгурдбæл 16 мартъий æнхæст кæнуй финддæс æма æхсæзинсæй анзи (1887-1919).**

***Номдзуд уруссаг философ Александр ПЯТИГОРСКИЙ (1929-2009) финста: «Адӕм хузӕнонӕй кӕми цӕронцӕ, гъуди кӕнонцӕ, дзоронцӕ, айдагъдӕр уӕхӕн паддзахадӕ исхонӕн ес фӕрнгун. Гъӕуама си зудӕ ӕма кӕрӕфӕн бунат ма уа.***



Аци циртдзӕвӕн Украини номдзуд паддзахадон архайӕг Богдан Хмельницкийӕн советон доги ӕвӕрд ӕрцудӕй сахар Донецки.

# «МӔ ФИДИБӔСТӔ МИН МӔ ЗӔРДӔЙ МА ИСТОНӔ!..»

Микола Бажани гъудитӕ хумӕтӕги не 'римистан – ци загъта, етӕ хаунцӕ ӕ райгурӕн Украинӕмӕ. Абони хъӕбӕр тӕссаг уавӕри ӕй.

Уоми Советон Цӕдеси фехӕлди фудӕй «хуӕдбарӕ» ку иссӕй, уӕдӕй фӕстӕмӕ си цитӕ 'рцудӕй ӕма цӕуй, уой ни алкедӕр уинуй ӕма зонуй – хецаудзийнадӕмӕ мондаг политиктӕ ӕма тогмондаг националисттӕ еци бӕсти низманстонцӕ тугъд, хумӕтӕг адӕм ба, неци фудгин уогӕй, цӕгъдуни кӕнунцӕ.

Украини нури разамонӕг сӕргъӕн политиктӕ се 'ндагон ахъелгути ардудӕй ӕнӕгъӕнӕ бӕстӕ куйгӕлдзӕнмӕ ке тӕрунцӕ, е махӕн, Иристони цӕргутӕн дӕр цийфӕнди нӕй. Еуемӕй, уоми нӕ цӕргӕй ни кӕмӕндӕрти нӕ карни фӕззелӕнтӕ уӕддӕр цидӕр хузи баст ӕнцӕ аци бӕсти хӕццӕ, иннемӕй ба ами цӕруй не 'мзӕнхонтӕй хъӕбӕр беретӕ, е син иссӕй сӕ дуккаг фидибӕстӕ – хонгӕ дӕр сӕ кӕнунцӕ украинаг иристойнӕгтӕ. Цалдӕр анзей размӕ рацудӕй устур ӕма бундорон киунугӕ «Осетины Украины», исаразта ӕй Бузарти Игори фурт Андрей.

Зундгонд адвокат, публицист ӕма ӕхсӕнадон архайӕг, е райгурдӕй 1984 анзи Донецки, ӕ ниййергутӕн сӕ кустмӕ гӕсгӕ ами цӕргӕ рауадӕй. Аци киунугӕй уӕлдай ма Бузари-фурт ниффинста берӕ уацтӕ иристойнаг украинаг бастдзийнӕдти, уӕдта, ами цӕрӕг иристойнӕгти туххӕй.

Уӕхӕн ӕрмӕгутӕ парахат кӕнун алкӕддӕр ахсгиаг адтӕй, уӕлдайдӕр ба абони, не 'знӕгтӕ Уӕрӕсей нихмӕ агъазиау информацион тугъд ку исаразтонцӕ, кӕций фӕрци гъавунцӕ дзилли, уӕлдайдӕр ба ӕригон фӕлтӕрти зундирахаст исӕмӕнтъери кӕнунбӕл. Ӕма мах ихӕс ба 'й уӕхӕн архайди нихмӕ испайда кӕнун тухгиндӕр хуӕцӕнгарзӕй – историон рӕстдзийнадӕй. Уадзӕ, ӕма дзиллӕ зононцӕ, ӕцӕгӕй ци ӕма куд ӕй, уой.

## «КУ НӔ БАЙЕУ КОДТА НӔ КАРНӔ!..»

**Уотӕ финста зундгонд украинаг поэт Виктор КОЧЕВСКИЙ.**

Украинӕ ӕнӕдузӕрдугӕй нимад цудӕй берӕнацион бӕстӕбӕл – цардӕй си дӕс ӕма ӕхсӕзинсӕй адӕмихаттемӕй фулдӕр: сӕ фулдӕр украинӕгтӕ, уотемӕй ма уруссӕгтӕ, белоруссӕгтӕ, молдавайнӕгтӕ, тӕтӕйрӕгтӕ, болгайрӕгтӕ,





венгриӕгтӕ, румынӕгтӕ, польшӕгтӕ, дзиуиттӕгтӕ, сомехӕгтӕ, гурдзиӕгтӕ…

Уони 'хсӕн аккаг бунат ахӕссунцӕ иристойнӕгтӕ дӕр. Уой фӕдбӕл ма уотӕ зӕгъун дӕр ӕнгъезуй, ӕма не 'мзӕнхонтӕ, куд фӕззӕгъунцӕ, ами хеуӕнттӕ сауӕнгӕ недзамантӕй фӕстӕмӕ 'нцӕ. Куд бӕрӕггонд ӕрцудӕй, уотемӕй нӕ рагфидтӕлтӕ, алантӕ, сӕ рӕстӕги цардӕнцӕ нуриккон Украини зӕнхитӕбӕл. Уомӕн ӕвдесӕн – уӕди украинаг ӕма аланти 'хсӕн федар бастдзийнӕдтӕ, сауӕнгӕ хӕстӕгдзийнадӕ дӕр.

Ӕрхӕсдзинан цалдӕр дӕнцӕни. Сауӕнгӕ X ӕноси, 945 анзи, Киеваг къниаз Игори бийнойнаг княгиня Ольгӕ нӕ рагфидтӕлтӕ аланти хӕццӕ исфедар кодта цӕдес кӕрӕдземӕн агъаз кӕнуни ӕма хӕлардзийнади туххӕй. Киеваг къниӕзтӕ сӕхецӕн бийнойнагӕн байагориуонцӕ алайнаг кизгутти, сӕ хуӕрти ӕма кизгутти ба лӕгмӕ лӕвардтонцӕ алайнӕгтӕн – е уӕди рӕстӕги хъӕбӕр зундгин ӕма идардмӕуинӕг фӕткӕ ӕма ӕгъдау адтӕй, уомӕн ӕма уӕхӕн хӕстӕгдзийнади фӕрци дууӕ адӕмемӕн фӕззиндтӕй фадуат ӕма гӕнӕн, цӕмӕй цардайуонцӕ сабурдзийнади уавӕрти, кӕрӕдзей лӕдӕргӕй ӕма кӕрӕдземӕн агъаз кӕнгӕй.

Еци агъаз ба уӕди рӕстӕгути еудадзугдӕр гъудӕй. Микола Бажан ӕ уаци уотӕ финста: «Украинаг адӕмӕн сауӕнгӕ астӕуккаг ӕностӕй фӕстӕмӕ хъӕбӕр тӕссаг адтӕй латвиаг къниӕзтӕй, польшаг гъӕздугутӕй, венгриаг хъалтӕй, турккаг ӕма тӕтӕйраг ӕстъегъгутӕй. Уони нихмӕ украинаг феодалтӕ ӕгириддӕр нӕ тухтонцӕ, кенӕ ба айдагъдӕр рӕуонӕн ӕма цубур рӕстӕгмӕ. Фал зӕнхкосгутӕ ӕма хумӕтӕг хъазахъӕгтӕ ба мӕлӕтдзаг тох кодтонцӕ сӕ зӕнхӕ ӕма сӕ цард, се 'гъдӕуттӕ ӕма културӕ багъӕуай кӕнунбӕл. Уӕди дзаманти уони тох цудӕй дини турусай хӕццӕ, кӕций аууони ӕцӕгӕй ба адтӕнцӕ политикон ӕма социалон гъуддӕгутӕ. Польшаг феодалтӕ дӕр ӕма украинаг феодалтӕ дӕр уидтонцӕ, тохмӕ исистӕг зӕнхкосгутӕ ӕма хъазахъӕгтӕ сӕ нихмӕ ке тох кӕнунцӕ, уой ӕма сӕ уомӕ гӕсгӕ ба ӕфхуардтонцӕ, уой дӕр тӕккӕ гъӕддагдӕр ӕма ӕверхъаудӕр хузи. Тохгӕнӕг адӕми раздзӕугути къабазгай бакӕниуонцӕ.

Еци бӕлӕхтӕмӕ уруссаг адӕми бон кудфӕнди цӕстӕй кӕсун нӕ адтӕй. Лигъд зӕнхкосгутӕ, цӕугӕдон Дони билгӕрӕнтти цӕрӕг хъазахъӕгтӕ, сауӕнгӕ паддзахи ӕфсади тугъдонтӕ дӕр сӕдӕгӕйттӕй бахезиуонцӕ арӕнбӕл ӕма байеу уиуонцӕ сӕ бартӕбӕл тохмӕ исистӕг адӕми хӕццӕ. Уӕрӕсе Украинӕн кодта айдагъ материалон нӕ, фал културон агъаз дӕр…»

Уотӕ адтӕй догӕй-догӕмӕ. Ӕма мӕнӕ нур дӕр, Украини нури разамунд сӕ хорнигулӕйнаг зундамонгути ахъилдӕй берӕ фидбилизтӕ цалдӕр анзей дӕргъи ке аразтонцӕ Донецки ӕма Лугански хуӕдбарӕ республикити нихмӕ, уой Уӕрӕсей бон нӕбал адтӕй бухсун ӕма сӕ хӕццӕ бардзурд исаразгӕй син агъаз кӕнуй, сӕрмагонд ӕфсӕддон операций фӕрци сӕ ервӕзун кӕнуй украинаг тогмондаг нацисттӕй, тугъдӕй ледзӕг адӕм, сӕ фулдӕр силгоймӕгтӕ ӕма сувӕллӕнттӕ исиуазӕг кодтонцӕ нӕ бӕсти фулдӕр региондтӕ. Е ӕй ӕцӕг ӕнсувӕрдзийнадӕ.

Мадта нӕ рагфидтӕлтӕ ӕма уӕди украинаг адӕм кӕрӕдзей хӕццӕ хӕстӕгдзийнадӕмӕ ке тундзиуонцӕ, уомӕн ци берӕ дӕнцитӕ ес, уой туххӕй ба нӕ бон уой зӕгъун ӕй, ӕма е бӕлвурд ӕвдесӕн ӕй, махӕн, аланти байзӕдтӕгтӕн ӕма украинӕгтӕй кӕмӕндӕрти сӕ тог еумӕйаг ке 'й, уомӕн.

## «МАХ ФИДИБӔСТӔЙ ЕУ ИХӔС ДАРДТАН!..»

**Уотӕ финста зундгонд украинаг поэт Виктор КОЧЕВСКИЙ.**

Уомӕ гӕсгӕ ба алантӕ дӕр ӕма сӕ фӕсте ци фӕлтӕртӕ исӕнтӕстӕнцӕ, етӕ багъӕуаги ратагъд кӕниуонцӕ сӕ украинаг ӕнсувӕрти фарсмӕ ӕрлӕуунмӕ ӕма усхъӕй-усхъӕмӕ знаги нихмӕ тох кӕнунмӕ. Уотӕ адтӕй Устур Фидибӕстон тугъди рӕстӕги дӕр.

Иристойнӕгтӕй фондз ӕма инсӕй минемӕй фулдӕр тох кодтонцӕ Украини зӕнхӕ немуцаг-фашистон ӕрдонгтӕй исуӕгъдӕ кӕнуни тугъдтити. Уонӕй авд ӕма инсӕй иссӕнцӕ Советон Цӕдеси Бӕгъатӕртӕ. Ка си кӕми фескъуӕлхтӕй, еци сахартӕ ӕма гъӕути сӕ номбӕл Украини ес гъӕунгтӕ, скъолатӕ, парктӕ, исӕвардтонцӕ син сӕрмагондӕй циртдзӕвӕнтӕ. Не 'мзӕнхон Советон Цӕдеси Бӕгъатӕртӕй фараст ӕвӕрд ӕнцӕ Украини зӕнхӕбӕл. Уонӕй ӕхсӕз – Калоти Александр, Цхурбати Иван, Доййати Давид, Бутати Геуӕрги, Бзарти Геуӕрги ӕма Ӕхсарати Энвер – сӕ цард иснивонд кодтонцӕ немуцаг-фашистон ӕрдонгтӕй Украинӕ исуӕгъдӕ кӕнуни сӕрбӕлтау ӕма син аци зӕнхӕ иссӕй се 'носон бунат. Иннетӕ ба тугъди фӕсте цардӕнцӕ ӕма кустонцӕ Украини, уомӕ гӕсгӕ ба сӕ рамӕлӕти фӕсте ами ӕрцудӕнцӕ нигӕд – Билаонти Павел (Киеви), Къесати Астан (Севастополи), Иван Машков (Одесси).

Советон Цӕдеси еугур адӕмихӕттити минӕвӕрттӕ дӕр ӕмзунд-ӕмвӕндӕй куд тох кодтонцӕ Райгурӕн бӕсти сӕрбӕлтау, уой фӕдбӕл историон наукити доктор БАЛИКЪОТИ Тотраз, кӕцимӕн Украини ес берӕ лимӕнтӕ, уӕззау зундбӕл хуӕст адӕймӕгутӕбӕл сӕ нимайуй, уотӕ зӕгъуй:

– Уӕззау, тогкалӕн, ӕвер-



Устур Фидибӕстон тугъди рӕстӕг Украини зӕнхӕбӕл Сурх Ӕфсади хъазауатон тохи кадӕн панорамӕ.

*Адæм си гъæуама сæ фагæй фулдæр ма хуæронцæ. Фурхуæрд кæнун ходуйнаг æй, адæймаги исæфтмæ тæруй...»*
*Номдзуд уруссаг финсæг Иван КРЫЛОВ (1769-1844) ба финста: «Тухгин ун æй хуарз. Зундгин ун ба – дууæ хатти хуæздæр...»*

хъау фидбилизхæссæг бæнттæ зин имисæн æнцæ. Фал син нæййес иронх кæнæн, бустæги ба фæстаг рæстæг Украини ци цаутæ цæуй, уони уингæй.

1941 анзи 22 июни цъамар фашисттæ нæ Фидибæстæмæ ку æрбалæбурдтонцæ, уæд советон адæм еци еузæрдиуонæй иситадæнцæ знаги нихмæ. Ка цирдигон æй æма ци адæмихаттæй æй, уомæ нæ кæсгæй, сæ цардбæл нæ ауæрдгæй, еумæйагæй тох кодтонцæ тугъдæн æ тæккæ райдайæнæй ба нæ Цитгин Уæлахези уæнгæ, куд нæ еумæйаг советон паддзахади, уотæ Украини сæребарæбæл дæр. Цал æма цал советон адæймаги фæммард æй фронти, партизанти рæнгъити Украини сæрбæлтау тох кæнгæй, уомæн банимайæн дæр нæййес. Е ма абони дæр нæ адæмтæн устур зæрдрист æй. Фал никки устурдæр зæрдрист, мæнæ нуртæккæ нацистти байзайæггæгтæ, уони абониккон нæуæг фæсдзæуинттæ сæ амидингæнгути ахъилдæй ци фудмиутæ аразунцæ, куд æзмæнтунцæ адæми цард æма сæ ци бæлæхти гæлдзунцæ, е æй. Етæ знагæй знагдæр æнцæ, уомæн æма уони фудæй Украини зæнхæ нæуæгæй гъæст цæуй хумæтæги адæми тогæй. Еци зæнхæ цæмæй макæдбал бавзара тугъди азар, уой туххæй нæ фидтæлтæ еуварсæй æрбалæборæг знаги нихмæ карз тохи никкалдтонцæ сæ тог. Се 'хсæн адтæнцæ куд иннæ рауæнтæй, уотæ Ирæфи райони сахъигурдтæ дæр. Еу къуарей си æримисæн аци бон.

Сауæнгæ Дигоргомæй райдæдта æ тугъдон æмбæлтти хæццæ дæрæн кæнун немуци чиколайаг Махъоти Амурхани фурт Алихан. Æ тугъдон нæдтæ радаргъ æнцæ Украини зæнхæбæл дæр – 1943 анзи фæззæги тох кодта Запорожий облæст знагæй исуæгъдæ кæнунбæл. Батальонæн разамунд дæтгæй, бавдиста лæгдзийнадæ æма ин уæд исаккаг кодтонцæ Тугъдон Сурх Турусай орден. Устур цæугæдон Днепри сæрти бахезунбæл карз тохи ке фескъуæлхтæй, уой туххæй ба Алиханæн лæвæрд æрцудæй Ленини орден – æ батальони фæрци фæцæй фадуат, цæмæй сæ дивизийæн бантæстайдæ еци цæугæдони сæрти байервæзун æма уой билгæрæнттæй знаги фæссоруни ихæс æнтæстгинæй исæнхæст кæнун.

Сахар Харьков гъæуай кæнгæй Хъарати Хакъяси фурт Мæхæмæт дæр Украини зæнхæбæл тугъдтити бавдиста устур лæгдзийнадæ. Уомæн еу æвдесæн: Мæхæмæтæн æ тугъдон æмбæлтти хæццæ бантæстæй, танкитæ æма æндæр тугъдон техникæ æфсæддонти хæццæ ка ласта, еци немуцаг поезд фехалун æма уомæй знагæн устур зæран æрхæссун… Мæхæмæт фæммард æй Украини зæнхæбæл. Нигæд æй Харькови кæрони еумæйаг æнсувæрон цирти. Æ фæсмæрдæ ин æ ном иссирдтонцæ Сурх Стъалуй орденæй.

Тугъди фиццаг мæйити Черкасски облæсти æма Донбасси зæнхитæ фашисттæй бæгъатæрæй гъæуай кодта Цæрикъати Хадой фурт Сафарбий. Кобегкати Сабази фурттæ кæстæр лейтенант Сослæнбек æма Хушини знаги нæмгутæ исæргъавтонцæ Украини зæнхæбæл, уоми карз тугъдтити ралух æй сæ цардвæндаг. Уотæ фæццубур æй Украини зæнхæбæл Цæмæхъати Василийи фурт Темурхъани цардвæндаг дæр.

Днепри билгæрон фæммард æнцæ афицертæ Айдарти Сангей фурт Тазе, Æршити Бердий фурт Мæхæмæт, Гуæздæрти Ахмæти фурт Хадзирет, Гуæцæлти Алимæрзай фурт Сулейман æма берæ æндæртæ, бустæги ба æфсæддонтæ.


Аци циртдзæвæн «Райгурæн бæстæ-мадæ», Киеви æвæрд æрцудæй советон доги.

## «РАЗДÆХУЙ АЛЦИ ФÆСТÆМÆ УÆДДÆР!..»

**Уотæ финста зундгонд украинаг поэт Борис ОЛЕЙНИК.**

Тугъди иристойнæгтæй ка архайдта, уонæй беретæ уой фæсте цæрунмæ байзадæнцæ Украини – кадæртæ си идарддæр службæ кодтонцæ æфсади, кадæртæ ба ами биййонти гъуддаг бакодтонцæ, кæмæндæр ба æ зæрдæмæ фæццудæй ардигон бæстæ... Мадта фæстугъд Иристонæй берæ специалисттæ æрвист æрцудæй Украинæмæ, уомæн æма уæлдай устур зæран æрцудæй æ адæмон хæдзарадæбæл æма цæмæй тагъддæр æ къæхтæбæл ислæудтайдæ, уой туххæй ба гъудæй берæ аллихузон дæсни косгутæ. Уонæй дæр беретæ цæргæ байзадæнцæ украинаг зæнхæбæл.

Тугъди фæсте æнзти тухгинæй-тухгиндæр ирæзун райдæдта Иристони спортивон кадæ. Æма ами уавæртæ æгæр ку «исунгæг» æнцæ, уæд æндæр гæнæн нæбал адтæй, æма иристойнаг спортсментæй æма тренертæй беретæ рандæ 'нцæ Украинæмæ, аллихузи дуйнеуон еристи гъæуай кодтонцæ Украини кадæ, сæ къохи бафтудæй устур уæлахезтæ. Фæндуй нæ сæрмагондæй зæгъун тренертæ Мистулати Юрий, Саулохти Бариси, Руслан æма Тайморази, Хромати Заурбеги, уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй дуйней чемпион (1971 анз) Гусати Юрийи æма Европи чемпион (1978 анз) Бигъати Бариси туххæй.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма Саулохти Бариси хъæппæресæй фæззиндтæй æма райрæзтæй Украини гъæбесæйхуæсти спорт. Уой берæ хъиамæтти фæрци æрцудæй арæзт Украини спортивон гъæбесæйхуæсти ассоциаци дæр, авд анзи ин разамунд дæр æхуæдæг лæвардта. Саулохти Руслан – Украини æскъуæлхт тренер – исгъомбæл кодта украинаг гъæбесæйхуæцгути берæ æнтæстгин фæлтæрти.


Уасгергий кадæн монумент Уæллагири коми.

Уой туххæй ин бæсти разамунд исаккаг кодта Украини дууæ паддзахадон хуæрзеуæги – дуккаг æма æртиккаг къæпхæнти орден «За заслуги». Хромати Заурбег иссæй Украини баскетболи Федераций фиццаг вице-президент, Украини Национ олимпаг комитети æнхæсткоми иуонг, Украини æскъуæлхт тренер. Цалдæр анзей дæргъи разамунд лæвардта Украини баскетболи Федерацийæн. Хромати Заурбег æй, украинаг специалисттæй ССР Цæдеси æмбурдгонд команди сæргъи ка адтæй, еунæг уæхæн тренер.

Украинаг ирон спортсменти къохи уæлдай устурдæр æнтæстдзийнæдтæ бафтудæй Украини хуæдбарæдзийнади æнзти. Æнæгъæнæ дуйнебæл сæ кой райгъустæй уæззау атлетики олимпаг чемпион (Барселонæ, 1992 анз) Таймазти Тимурæн, уæгъдебарæ гъæбесæйхуæстæй олимпаг чемпион (Афинтæ, 2004 анз), дуйней къуар хатти чемпион Тедети Эльбрусæн, дуйней чемпион Æлдаттати Иванæн (2006 анз). Европи чемпионтæ иссæнцæ Тедети Дзамболат, Уалити Мераби, Фидарати Аслæмбег, Тогъузати Владимир, Зозирати Зазæ æма ма берæ æндæртæ.

Украинаг иристойнæгтæн хуарз æнтæсуй науки къабази дæр, культури, аййевади, медицини, сауæнгæ бизнеси дæр.

1979 анзи адæми исфинсти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, Украини цардæй 5275 ирони. 1989 анзи исфинсти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ ирæнтти нимæдзæбæл ма бафтудæй мин адæймагемæй фулдæр. Украини фæстаг исфинсти бæрæггæнæнтæмæ гæсгæ, 2001 анзи аци бæсти цардæй 4834 ирони. Нуртæккæ Украини цал ирон адæймаги цæруй, уой туххæй официалон бæрæггæнæнтæ нæййес.

## «ДÆ РЕУИ ДУАР КÆМИ ДАРДЗÆНÆ ÆХГÆДÆЙ?!»

**Уотæ финста зундгонд украинаг поэт Владимир БРОВЧЕНКО.**

Ирон диаспоритæ уæлдай устурдæр æнцæ Киеви, Донецки, Днепропетровски, Харькови, Хъирими, Одесси, Запорожьей æма Лугански. Аци сахарти æма Хъирими фулдæр ирæнттæ æрцардæй, фиццагидæр, Уæрæсемæ æма Иристонмæ хæстæг ке 'нцæ, Украини нигулæн облæстити хæццæ рабаргæй, уомæ гæсгæ. Дуккаг ба, еци рауæнти агъазиау индустриалон центртæ ке адтæнцæ, уой туххæй. Хъирим ба ирæнтти зæрдæмæ цудæй куд туристон центр, уотæ. Æртиккагæй ба, уонæми агъазиау наукон æма ахургæнæн центртæ ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ. Иристойнæгтæй беретæ бæлдтæнцæ Украини ахур кæнунмæ рандæ унмæ, æ косæндæнтти наукон куст кæнунмæ.

Иннемæй ба Украини адтæй гъомусгин æфсæддон-техникон инфраструктурæ. ССР Цæдеси фехæлди размæ нæхеуæнттæй уоми ка службæ кодта, уонæй беретæ уоми цæргæй байзадæнцæ. Мадта Украинæ æма Уæрæсей 'хсæн дæргъвæтийнæ историон бастдзийнæдтæ æма нивæбæл рахастдзийнæдтæ ке адтæй, е дæр агъаз адтæй нæ диаспорити нимæдзæ фулдæр кæнунæн.

Украини ирон æхсæнадон организацити хуарз гъуддæгути туххæй радзорун æнгъезуй: национ традицитæ æма æгъдæуттæ ма феронх кæнуни туххæй культурон-дзиллон мадзæлттæ аразун; уордæмæ хаунцæ национ нисантæй пайда кæнун, национ бæрæгбæнттæ æма зæрдæбæлдарæн бæнттæ исбæрæг кæнун, национ ансамбли архайд, диаспори активисттæн æма разамонгутæн кадæ кæнун. Е, фиццагидæр. Дуккагæй ба, историон райгурæн бæсти хæццæ бастдзийнæдтæ аразун æма федар кæнун, дуйнеуон ирон æнæхецауадон организацити кусти архайун, Хонсар Иристонæн гуманитарон агъаз кæнун, иннæ национ æхсæнæдти хæццæ æмгустадæ æма æндæртæ. Æртиккагæй ба, рауагъдадон архайд, киунугутæ æма æндæр мухурон куститæ уадзун ирон этноси истори æма традицити туххæй. Хецаудзийнади аллихузон комитетти æма къамисти, кенæдта æндæр искондти кусти архайун нацити 'хсæн рахастдзийнæдти фæдбæл фарстати.

Кæронбæттæни нæ уой зæгъун фæндуй, æма нæ адæмæн украинæгти хæццæ ес æмрахастдзийнæдти дæргъвæтин истори. Украини нуриккон ирон диаспорæ кæд агъазиау нæй, уæддæр украинаг æхсæнади аккаг хузи æвдесуй æ наций цæсгон æма еци æхсæнади ахæссуй аккаг бунат…

## «КУ МА РАЛÆУУИДÆ ЕЦИ ДОГÆ, ТÆХОДУЙ!..»

**Уотæ финста зундгонд украинаг поэт Микола КАРПЕНКО.**

Украини кæддæри æмзундæмвæндæй цæрæг адæм ниддехтæ 'нцæ, дуйне дæр æма сæ паддзахади исонибон дæр фæйнæхузонæй ка уинуй, аллихузон геополитикон æма културон тундзундзийнадæ кæми ес, кæрæдзей ка нæ лæдæруй, уæхæн къуæрттæбæл. Еци уавæрти си неонацизми æвзæрттæ сæ сæртæ исдардтонцæ æма хецауеуæг кæнуни бартæ сæхемæ райстонцæ. Уони уæлдай агъазиау фудракæндæ ба е æй, æма дууæ æнсувæрон бæсти – Украинæ æма Уæрæсей – кæрæдземæн знæгтæ исаразунбæл архайунцæ еугур мадзæлттæй дæр. Уотемæй абони тухстæй-тухстдæр уавæрти бæлвурдæй Уæрæсе райста æхемæ уæззау ихæс – Украини æнсувæрон адæми нацизми уацарæй фæййервæзун кæнун. Æма дуйней паддзахæдтæй кæцидæртæ еци рæстзæрдæ гъуддаги нихмæ кæд рæйунцæ, уæддæр Уæрæсе æ еци ихæс исæнхæст кæндзæнæй – уомæн æма дзубанди цæуй хумæтæг сабур цардмæ бæллæг адæми карнæбæл.

Хумæтæг адæм ба, ку зæгъæн, бæллунцæ сæ цард раздæр куд æнæмаст æма фæрнæйдзаг адтæй, уомæ. Сæ зæрдæ дарунцæ, еци райдзаст догæ бабæй ке раздæхдзæнæй, уобæл. Æма син куд нæ фæййагъаз кæнæн еци гъуддаги!..

*Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта*
*САКЪИТИ Эльбрус*

***Номдзуд немуцаг поэт Генрих ГЕЙНЕ (1797-1856) финста: «Истори силгоймæгтæ аразунцæ, уотемæй ба истори айдагъдæр нæлгоймæгти нæмттæ бадаруй æ зæрдæбæл...» Æма уæд нæлгоймæгтæ, цума, цæмæннæ исраст кæнунцæ еци æнæраст фæткæ?***


ГÆБУТИ Зойæ æма адæмон исфæлдистади Республикон центри косгути номдзуд таурæхъгæнæг Цæгæрати Созурухъой бийнонти хæццæ сæ цæрæнбунати.

# Æ ФАРНÆЙ ХАЙГИН АН АБОНИ ДÆР МА...

Гæбути Зойæ... Мæ бон æй федарæй уотæ зæгъун, æма аци дессаги кустуарзон æма зæрдирайхæссæг силгоймаги Иристони еугур рауæнти дæр æ рæстæги ка нæ зудта, уæхæн хъæбæр ефстагмæ разиндтайдæ. Уогæ мæ бон ма уотæ дæр зæгъун æй, æма 'й абони дæр ма беретæ зæрдиагæй имисунцæ. Е нæ национ культури хæзнатæ багъæуай кæнуни арфиаг гъуддаги уоййасæбæл фескъуæлхтæй, æма уомæн аккаг аргъ искæнуни туххæй æгæрон берæ зæгъуйнæгтæ багъæудзæнæй.

Гæбути Зойæ райгурдæй æма исгъомбæл æй, нæ национ аййевади æма культури фарнæ цитгинæй кæми æхседуй, еци цитгин Æрæдони. Æ фидæ Михал, Устур Фидибæстон тугъди немуцаг-фашистон æрдонгти нихмæ тох кæнгæй, æ цард иснивонд кодта Райгурæн бæсти сæрбæлтау. Æма бийнонтæ кæд хъæбæр уæззау уавæрти бахаудтæнцæ, уæддæр сæ къæсæр фæккеун нæ бауагъта æ цардæмбал, дзурддзæугæ æма хъиамæтгун силгоймаг Нинæ (Туайон). Еци рæстæгутæ еуминкъий ка зонуй, е æй балæдæрдзæнæй, цæйбæрцæ нифс æма хъаурæ багъудæй седзæргæс мади е 'нагъон цæуæти хæццæ сæ царди хабæрттæ аразунæн.

Еугур гъуддæгутæй дæр тухст, гъæуагæ... Фал ци гæнæн адтæй... Æ зингхуст сæрихецауи ном нимайгæй, æ маддæлон ихæсæй ихæсгин уогæй, кæд ин цийфæнди зин адтæй, уæддæр æ кæстæртæбæл сагъæстæ ин хъаурæ лæвардтонцæ, нæ исонибон гъæуама хуæздæр уа, зæгъгæ, гъуди æй нифсгундæр кодта. Цидæриддæр адтæй, уæддæр еци хъиамæтгун силгоймаги бон иссæй æ сувæллæнтти царди урух фæццæуæнти растдæр надмæ ракæнун, алкæмæн дæр си равардта фадуат æ зæрди фæндæ æма æ арæхстдзийнадæмæ гæсгæ æ идарддæри царди хабæрттæ аразунæн.

Æ мади фарнæй, дзурдарæхстдзийнадæй, зундæй æма аййевадæбæл зæрдиагæй æновуддзийнадæй хъæбæрдæр фæххайгин æй Зойæ.

Дзæуæгигъæуи музыкалон училище каст фæууни фæсте цалдæр анзи бакуста республикон радиой адæмон инструментти оркестри. Æвæдзи, уомæ гæсгæ ин уæддæр аци коллектив алкæддæр уæлдай уарзон адтæй. Æхцæуæнæй æй худта: «Мæ цæгат!..» Фæстæдæр ба косун райдæдта адæмон исфæлдистади Республикон хæдзари. Æ сæйраг ихæс адтæй нæ республики районти æма Дзæуæгигъæуи культури хæдзæрттæ æма клубти аййевадон-хехъæппæресадон къуæрттæн сæ кусти агъаз кæнун, фиццагидæр, методикон хузи, уæдта син гъæугæ уавæртæ аразун.

Хуæрзгæнæг изæди хузæн, аци фæрнуг силгоймаг, ауодудта еци культурон-рохсадон косæндæнтти коллективтæн. Бонигъæдæ æма рæстæги уавæртæмæ нæ кæсгæй, алкæддæр балæууидæ сæ фарсмæ. Номæй-номмæ зудта хуæдахур кафгути, зартæгæнгути æма аййевади иннæ хузти архайгути. Етæ дæр ибæл хъæбæр æновуд адтæнцæ. Фурбоцæй æй аййевади æфсийнæ худтонцæ, уомæн æма Зойæ хъæбæр хуарз зудта, культури артдзæститæй кæми циуавæр кусти равгитæ ес æма си куст кæми куд райаразун гъæуй, уой.

Еци уавæртæ алкæми æмхузон кæми адтæнцæ: кæмидæр хуарз, кæмидæр ба хуæздæргъæуагæ, кæмидæр ба – бустæги æгудзæг. Кадæр Зойи бунати, ка 'й зонуй, аразий хузи загътайдæ, гъома, ци бакæнæн, нуртæкки рæстæгутæ уæхæн æнцæ æма уодварни æцæгæй рохситауæг артдзæститæ уоййасæбæл некебал гъæунцæ. Фал Зойи уодиконд ба уæхæн нæ адтæй, æма æргомæй дзурдта адæмон исфæлдистади æнтæститæ дæр æма къулумпити туххæй дæр. Уой дæр уотид дзубанди нæ кодта, фал æ уодæй-уод кодта, цæмæй кæд ескæми ести хуарздзийнадæ уидæ, уæд уой æнæмæнгæ иннæ рауæнти дæр бафæнзонцæ.

Уæлдай сагъæссаг ба ин адтæй нæ маддæлон æвзаги æма национ киунуги карнæ – сæ нуриккон уавæр æма исонибон. Ци æ бон адтæй æма æ равгитæ куд амудтонцæ, уомæй уавæр фæххуæздæр кæнунбæл ба архайдта бæлвурд гъуддæгутæй.

Радиойæй, телеуинунадæ æма периодикон мухури фæрæзнити фæрци урух дзиллити зонгæ кодта æскъуæлхт адæмон зартæгæнгути, фæндурдзæгъдгути, аййевади еугур къабæзти æновудæй архайæг æма артистти цард æма исфæлдистадон карни хабæртти хæццæ. Зойæ федар бастдзийнадæ дардта газеттæ «Дигорæ», «Рæстдзинад», «Устур нихас», «Пульс Осетии», «Ныхас», «Владикавказ»-и редакцити хæццæ. Рæстæгæй-рæстæгмæ ами дуйней рохс фæууиниуонцæ æ аллихузи уацтæ.

Культури артдзæстити аййевадон къуæрттæ кæрæдзей фæлтæрддзийнадæбæл ку нæ ахур кæнонцæ, уæд сæ архайд размæ нæ рацæудзæнæй. Еци фадуат ба син фæууй фестивальти æма конкурсти фæрци. Зойи гъосдарди фæрци, республики ансамбльтæ æма адæмон театртæн сæ бон исуидæ дуйнеуон æма еугуруæрæсеуон фестивальти архайун, фулдæр хæттити си исæздæхиуонцæ уæлахезонтæй. Е уотид зæрдифæндæй нæ рауайидæ, фал ма уой фæрци дæр, æма Зойæ архайдта, цæмæй хуæдахур коллективтæ айдагъ сæхе медæгæ ма «фицонцæ», фал иннæ профессионалон архайгути хиццагдæр фæлтæрддзийнадæ зононцæ æма си пайда кæнонцæ сæхебæл косгæй.

Уомæ гæсгæ зæрдæбæл æрлæууй уæхæн хабар. Евгъуд æноси 70-аг æнзти Ирон театри исæвзурдæй уæхæн уавæр æма аци коллективти актерти фиццаг фæлтæри уордигæй цæмæдæр гæсгæ еуварс кæнун райдæдтонцæ. Уой базонгæй Зойæ, гъайгъай, батухстæй уони карнæбæл. Æма куд нæ батухстайдæ, кæд æма сæ еугурей дæр хъæбæр хуарз зудта, устур нимади имæ адтæнцæ.

Еци æнæраст гъуддаг бауорамуни фæдбæл имæ еу дессаги гъуди фæззиндтæй: нæ национ сцени зæрингурдти адæмон театри хæццæ кустбæл бафтаун. Æма ин еци гъуддаг бантæстæй. Арфиаг гъуддаг – еуемæй, æрдхуæрæни актертæ æгустæй райзайгæй сæхемæ игъосунбæл нæ фæцæнцæ, фал гъæйттæй сæ исфæлдистадон куст кодтонцæ, иннемæй ба адæмон театртæбæл хуæздæрæрдæмæ фæззиндтæй профессионалон актерти хæццæ архайд.

Ирон театри номдзуд архайгути туххæй Зойæ ку дзоридæ, уæд æ зæрдæ исунгæг уидæ, кусти æма сæбæл царди ке аууодудта, уæдта син сæ искурдиадæбæл уодцирени зинг ке æфтудта, уобæл дзорæг æй еу цау. Цæветтонгæ, металлургти культури Галауани Зойи хъæппæресæй арæзт æрцудæй бæрæгбон ирон фæндури кадæн. Аци инструментæн театралон аййевади ци ахедундзийнадæ ес, уой равдесуни туххæй ба уордæмæ æрбахонуйнаг адтæнцæ Советон Цæдеси адæмон артист Саламти Къолай æма Уæрæсей адæмон артисткæ Икъати Серафини. Етæ бæрæгбони архайгутæн æма иуазгутæн, гъæуама равдистайуонцæ скъуддзаг спектаклæй «Дууæ киндзæхсæвæри». Фал уотæ рауадæй, æма Саламти Къола бæрæгбони тæккæ хуæдразмæ фæссæйгæ 'й. Серафин уой ку базудта, уæд хъæбæр батухстæй. Зойæ æй æрсабур кодта:

– Ма тухсæ, амонæги дзурдти фæсте дæ фæндури хæццæ сценæмæ рацæудзæнæ. Спектакли ци мелоди фæццæгъдис, уой ку 'рцæгъдай, уæд залмæ радзордзæнæ, Хъалмухъи нæ фæууидтайтæ, зæгъгæ. Уой фæсте аци дзурдтæ уруссагау нæ, фал кæсгон æвзагбæл зæгъдзæнæ, (Нальчиккæй дæр си иуазгутæ адтæй), æма уой фæсте ба заргæ дæр ракæндзæнæ.

Серафин аци гъудибæл исарази 'й. Сценæмæ ку рацудæй, уæд адæмæн æхцæуæн куд нæ адтайдæ. Фал сæмæ, «Хъалмухъæ шплягъо?..», зæгъгæ, ку радзурдта, уæд фурцийнæй сæ бунæттæй исистадæнцæ, æма Серафинæн лæугæй æрдзæф кодтонцæ. Мадта син «Гадзыгызы зар» дæр минкъийдæр цийнæдзийнадæ не 'рхаста. Бæрæгбон ку фæцæй, уæд Серафин æ хуæрзгæнæг Зойæн берæ зæрдибун арфитæ фæккодта. Æ ростæбæл ба еци уайæги уадæнцæ æ цийни цæстисугтæ.

Адæмон исфæлдистади республикон Центри косгæй, Зойæ, æхуæдæг цал æма цал хатти ци аллихузон фестивальтæ, концерттæ æма равдиститæ исаразта, уонæн уотид сæ банимайунæн дæр берæ бунат багъæудзæнæй. Зæгъæн: «Уадзæ, азæлæд зар!..», республикон конкурс «Фæндури зæлтæ» (æ архайгутæ ерис кодтонцæ Уæрæсей Федераций æскъуæлхт артисткæ Мистулати Ири приз рамолунбæл), «Нæ догæ æма не 'гъдæуттæ», æрхи музыкалон инструменттæбæл цæгъдгути фестиваль... Аци исфæлдистадон еристи ци фæсевæд архайдта, уонæй беретæ иссæнцæ профессионалон артисттæ, аййевади архайгутæ.



ГÆБУТИ Зойæ æ хуæри кизги фурти хæццæ; Зойæ æ фурти кизги хæццæ.

**Сæдæ анзей размæ (1922 анзи 14 мартъий) федаргонд æрцудæй Хуæнхон республики декрет хуæнхон адæмти 'хсæн æнахургонддзийнадæ искунæг кæнуни туххæй.**

***Номдзуд æфсадхон Александр МАКЕДОЙНАГ хæтæни цæуни размæ æ мулк байурста æ хæстæгутæ æма хæлæрттæн. Хæстæгутæй еу деси бацудæй æма 'й рафарста: «Æма дæхецæн ба ци ниууагътай?..» Паддзах ин равардта дзуапп: «Нифс!..»***

# НЕКÆЦИ БАРÆНТÆБÆЛ ЕС РАБАРÆН Æ ХУÆРЗТÆН!..



ХЪÆБÆЛОТИ Билар æма Плити Иссæ.



ГÆБУТИ Зойи мадæ Нинæ лæвæрттæ дæттуй номдзуд космонавт Валентинæ ТЕРЕШКОВАЙÆН.

Адæймаги цард мулки бæрцæй нæй, фал, адæм дин ци аргъ кæнунцæ, уæдта сæмæ дæхуæдæг ци цæстæй кæсис, уомæй. Зойи алливарс дæр адтæй æ зæрдирахаст ин ка лæдæрдтæй æма 'й ка нимадта, уæдта æхуæдæг ке лæдæрдтæй æма нимадта, уæхæн адæймæгутæ. Етæ берæ адтæнцæ. Сæ еу – зундгонд фæндурдзæгъдæг, Уæрæсей æскъуæлхт артисткæ Мистулати Ирæ. Нæкæси, сæ дууæ дæр еу гъæуæй рацæугæ 'нцæ. Æма е 'мгъæуккаги туххæй дзоргæй е уотæ загъта:

– Зойæ, нæ национ аййевади сæрбæлтау куд фудæбон кæнуй, дуккаг уæхæн адæймаг, æвæдзи, зинтæй иссердзæнæ. Кусти фæдбæл æ хæццæ ахид уинæ республики гъæути. Æма, цит, ци фарстати туххæй ниццæуидæ, уони, куд гъæуидæ, уотæ не 'саразидæ, уæдмæ дин неци хузи рацудайдæ фæстæмæ – сауæнгæ ма нæбæл æмбесæхсæвæ дæр исуидæ. Æ фæлтæрддзийнадæй ке фæххайгин кодта, ке ахур кодта, еци адæм минкъий нæ 'нцæ.

Уæдта ма Ирæ уотæ дæр загъта:

– Устур дзурдтæ макæмæ фæккæсæнтæ, фал Уæрæсей культури æскъуæлхт косæги кадгин ном æ хедвæллойнæй кæд ескæд еске бакуста, уæд е фиццагидæр æй Зойæ. Æз, мæхуæдæг дæр æ зæрдрохсдзийнадæй хайгин дæн – сувæллæнтти исфæлдистади Галауани кæстæрти фæндурдзагъди аййевадæбæл ахур кодтон æма ами дæр Зойæ мæ фарсмæ æрбалæууидæ, мæ ахурдзаутæ ин æ рæвдуд сæхебæл зонунцæ. Зæгъæн, мæ раздæри гъомбæлкæнуйнæгтæ Дзебисати Наталья æма Мæрзаганти Ацæмæзи туххæй Зойæ искодта телеравдист. Хъæбæр фæццудæй адæми зæрдæмæ. Мадта аййевадон изæрти, конкурсти туххæй радзубанди кæнун гъæуй, зæгъгæ, уæд еугурей разæй Зойи байагориуонцæ. Еци хуарзæнхæ дæр ин æ мадæй байзадæй...

Нæ национ аййевади кæддзосзæрдæ зеууон Гæбути Зойи райгурдбæл 5 феврали исæнхæст æй дæс æма цуппаринсæй анзи (1932-2015).

Гъулæггагæн, кæд абони не 'хсæн нæбал æй, уæддæр æ рохс ном æма æ берæ арфиаг гъуддæгутæ нæ адæми зæрдити цæрунцæ, нæ дзиллæ 'й арфиагæй имисунцæ. Нæкæси, имисуни туххæй, лæдæрд æй абониккон тæссаг эпидемиологон уавæрти дзиллон мадзæлттæ аразуни равгæ нæййес, фал уæддæр, æвæдзи, ести хузи ба æримисун æнгъезуй Гæбути Зойи рохс ном… Хестæр фæлтæртæ 'й гъуди кæнунцæ, фал æй гъæуама кæстæртæ дæр зононцæ, аци силгоймаг нæ национ культурæн цæйбæрцæбæл агъазиау хуæрзти бацудæй, уой.

Мах ба ин кадæ кæнæн аци уац æма Зойæн æхе финст æрмæгæй. Финсгæ ба 'й никкодта разагъди Хъæбæлоти Билари, уой арфиаг фæллойни туххæй.

***ГАСАНТИ Валерий***

Нæ Иристони номдзуддæр лæгтæй еу, Хъæбæлоти Билар æ бæрнон кусти айдагъ идардмæуинагæ æма хъæппæресгун разамонæгæй нæ баскъуæлхтæй, фал ма, куд фæззæгъунцæ, мади губунæй рахаста адæмуарзондзийнадæ æма арф зæрди рахастдзийнæдтæ. Е адтæй агъазиау нифсдæттæг менеугути хецау. Сауæнгæ æригонæй дæр æ гъуддæгути имæ адтæй, æ карæмæ гæсгæ ци нæма æнгъизтæй, уæхæн курухондзийнадæ.

Абони дæр ма бæрæг дарунцæ, Билар республики сæргъи инсæй анзей дæргъи лæугæй нæ Иристони царди алли къабæзтæмæ ци ахедгæ байвæрæнтæ бахаста, етæ. Ци политикон æгъдауæй, ци республики промышленнон æма гъæуунхæдзарадон арæзтади, ци культури къабази ирæзти гъуддаги. Цал æма цал аййевадон æма документалон уадзимиси ниффинстонцæ нæ искурдиадæгин финсгутæ æма журналисттæ Хъæбæлоти Билари цардвæндаги хабæртти туххæй, æма хæдзарадон, æхсæнадон-политикон агъазиау æнтæстдзийнæдтæбæл. Номæйноммæ дзоргæй, уонæй мæ зæрдæмæ арфдæр райстон финсæг, журналист, Уæрæсей Федераций æскъуæлхт косæг Даурати Дамири уацхъуд «Хъæппæресгун разамонæг æма гъуддаги лæг», кæци мухургонд æрцудæй Билари райгурдбæл 90 анзи исæнхæсти фæдбæл газет «Рæстдзинад»-и 2007 анзи 14 ноябри. Æрмæг кæрæй-кæронмæ дæр æй Хъæбæлоти Билари берæвæрсуг кустбæл цæстуарзон рафæлгæст.

Æз дæр, куд культурон-рохсадон рагондæр косгутæй еу, базонгæ кæнон нæ газеткæсгути Билари тухххæй ци имисуйнæгтæ ниффинстон, уони хæццæ.

Цæветтонгæ, еууæхæни Хумæллæги культури артдзæсти радон устур бæрæгбони архайдта Хъæбæлоти Билар. Хъæппæресадон къуæрттæ ци концертон программæ бацæттæ кодтонцæ, уомæ кæсгæй Билар уæлдай æхсицгондæрæй бацийнæ кодта бунæттон скъолай уодæфон (духовой) оркестрбæл. Зæрдибун арфити хæццæ оркестри архайгутæй алкæмæн дæр æ къох райста. Е уин айдагъдæр еу æвдесæн, Билармæ, устур хецау уогæй дæр, цæйбæрцæбæл дессаги æрдзон хумæтæгдзийнадæ адтæй, уомæн.

Билар еузæрдиуон адтæй æ адæмбæл, устур æвæрди имæ адтæнцæ нæ адæм цитгин æма хъаурæгин цæмæй æнцæ, еци гъуддæгутæ еугурæй дæр, уæлдайдæр ба – нæ удварни хæзнатæ. Уомæн дæр æвдесæн, зæгъæн, Билар æгæрон уарзт æма аргъ кодта адæмон исфæлдистадæн, нæ героикон зартæн.

Æвдайæймаг æнзти Иристони цудæй аййевадæ æма культури косгути II съезд. Байгон æй кодта Хъæбæлоти Билар. Берæ ахсгиаг фарстати хæццæ дзубанди цудæй героикон зарти хъисмæтбæл дæр, уони идарддæри исфæлдистадон ирæзтбæл. Гъæдгæрони гъæусовети сæрдар Бокоти Солтан (гъулæггагæн, не 'хсæн нæбал æй) æ радзубандий лæмбунæг дæнцитæ æрхаста еци гъуддаги гъæндзийнæдти фæдбæл. Æ кæронбæттæн дзубандий Хъæбæлой-фурт раст аргъ искодта Бокой-фурти феппайуйнæгтæн. Хатир си ракурдта, æма æримиста уæхæн хабар. Цæветтонгæ еу рæстæги имæ Ростовæй исдзурдта Плити Иссæ:

– Билар, цалдæр бони мин ес уæгъдæ рæстæг, æма мæ фæндуй, нæхе Иристони сæ ку рарветинæ, е. Мæнæн е æхцæуæн куд нæ адтайдæ! Æма ин дзуапп равардтон:

– Иссæ, табуафси, æнгъæлмæ дæмæ кæсæн!

– Байруагæс уи уæд, – загъта Билар, – дуккаг бон Иристонмæ исхъæрдтæй. Æ курдиадæмæ гæсгæ фæррраст ан нæ æрдзи рæсугъддæр къум Цъæймæ. Адтæй сехуар афонæ. Сæ фæллад си ка уагъта, уони баййафтан хуæргæ. Нæхе бæргæ фæййауун кодтан, фал нæ уæддæр бафеппайдтонцæ. Цалдæр лæхъуæни рауадæнцæ нæ размæ. Райстонцæ нин нæ кьохтæ. Хъæбæр зæрдиагæй нæ худтонцæ фингæмæ. Ку нæ арази кодтан, уæд лæхъуæнтæй еу загъта:

– Кæд æнгъезуй, уæд уин еу дууæ зари ракæнæн.

Еци дзурдтæмæ Иссæ фæррæвдзæдæр æй.

– Кæд уотæ 'й, уæд, табуафси, цæуæн.

Лæхъуæнтæ низзардтонцæ. Мæнæй феронх æй, кæми ан, е. Ранигъулдтæн зари дзурдти æма зæлти. Еу дзамани Иссæ мæ зæрдæбæл æрбалæудтæй. Кæсун, æма мæ рази нæбал адтæй. Хæстæгдæр уати дуар фегон кодтон æма уинун дессаг: Иссæ бадуй къелабæл губурæй, æ къохтæ æ цæсгонмæ исбуцæу кодта æма сувæллони хузæн хæкъурццæй кæуй.

– Ци 'рцудæй, Иссæ?! – сонт фарст æй ракодтон.

– Неци мæбæл æрцудæй, – арф ниууолæфтæй Иссæ. – Мæнбæл ма тухсæ. Уойбæсти цо лæхъуæнтæмæ, сæ зарун ма ниууадзæнтæ. Мæ сабийдогæй абони уæнгæ нæ гъуди кæнун, ескæд естæбæл искудтæн, уой. Абони ба мæ ставд цæстисугæй фæккæун кодта нæхе ирон бæгъатæрти зар. Нирревзун мин кодта мæ зæрди уедæгтæ, тугъди дзамани фæуууидтон ме 'мзæнхонти хуæздæрти мæрдтæ. Кæд сæ хæдзæрттæмæ нæбал исæздахтæнцæ, уæддæр си сæрустур дæн. Се 'взонг цæрæццаг уодтæ равардтонцæ нæ бæсти сæрбæлтау. Фал сæ нæмттæ байзадæнцæ зарти.

– Æма цæрæд ирон зар! – уæхæн федар загъдæй фæцæй Билар æ дзубанди.

Берæ агъазиау гъуддæгутæ исаразта Билар, цæмæй нæ адæми исфæлдистадæ еци гъомусгин æма цæмæдессагæй фæлтæрæй-фæлтæрмæ цардайдæ, гъомбæл кодтайдæ нæ кæстæрти, нæ адæми уодиконди хуæздæр æма хиццагдæр менеугутæбæл.

Хъæбæлоти Биларæн æ сæйрагдæр сагъæстæй еу адтæй, тугъди фæсте æ сувæллæнтти хæццæ ка байзадæй, еци æнæфæккеугæ седзæргæстæн сæ царди уавæртæ фæххузæнондæр кæнунбæл. Уони хæццæ адтæй мæ ниййерæг мадæ Гæбути (Туайон) Нинæ дæр – фондз сувæллоней мадæ, Коммунистон партий иуонг, æхсæнадон кусти æнæзæрдихудт, сæрæн архайæг. Кæд имæ ахурадæ дууæ къласемæй уæлдай нæ адтæй, уæддæр ин Хуцау балæвар кодта æрдзон искурдиадæ: адтæй курухон зунди, æнæсайд уоди хецау, дзурдарæхст.

1966 анзи адтæй нæ республики силгоймæгти I съезд. Уой фæдбæл нæмæ иссудæнцæ берæ кадгин иуазгутæ дæр, сæ еу – дуйней фиццаг силгоймагкосмонавт Валентинæ Терешкова. Æрæдони районы делегатти хæццæ съезди архайдта мæ мадæ Нинæ. Гъæуама си дзоргæ дæр ракодтайдæ, æма ин Билар бабарæ кодта, цæмæй æ радзубандий кæронбæттæни зæрдибун арфæ ракæна нæ боц иуазæг Валентинæ Терешковайæн æма ин Иристони силгоймæгти номæй æ сæрбæл æркæна цилле нивæфтуд ирон сæрбæттæн.

Хумæтæг дзубандийæй уомæн зæгъæн нæййес, Нинæ куд исарæхстæй еци устур, æхцæуæн уавæри ин ци бабарæ кодтонцæ, еци хабæрттæмæ. Терешкова бадтæй президиуми Билари фарсмæ. Нинæ æ дзубанди ку фæцæй, уæд æ бон куд адтæй, уотæ имæ гъæрæй дзоруй:

– Нæ хъазар космонавт Валентинæ! Паближнæ, паближнæ! – æма ма имæ æ къохæй дæр амонуй, цæмæй имæ е хæстæгдæр æрбацæуа.

Цалинмæ имæ е трибунæмæ цудæй, уæдмæ Нинæ зали бадæг адæммæ дзоруй, æз дæр, дан, уруссагау дууæ дзурди зонун. Æвæдзи, æхецæй хъæбæр ниббоз æй. Адæм æмхузонæй исистадæнцæ. Цалинмæ номдзуд силгоймаг Терешковайæн хумæтæг ирон силгоймаг лæвæрттæ кодта æма ин æ сæрбæл еци сæрбæттæн рæвдзитæ кодта, уæдмæ зали еци тухгинæй-тухгиндæр адæм къохæрдзæф кодтонцæ. Фæстæдæр мæ мадæ æма Терешковай хузæ, уæдта съезди æ радзубандийæй скъуддзаг хаст æрцудæнцæ Гаджити Марияй киунугæ «Женщина гор»-мæ.

Адæймаг æ царди æвдесæн ци цаутæн фæууй, уонæй еуетæ æ зæрдæма арф райсуй. 1974 анзи Цæгат Иристони автономибæл 50 анзи исæнхæсти фæдбæл нæ республики Сæйраг Совети Президиум исаккаг кодта Кади грамотитæ нæ культури æма аййевади косгутæн, уони хæццæ адтæн æз дæр. Грамотæ мин мæ къохтæмæ равардта Хъæбæлоти Билар æма мин зæрдибун арфæ ракодта.

– Зойæ! Адæми гъæуй дæ куст, æма дæ хъауритæбæл макæд байауæрдæ... Адæм дæ уарзунцæ, æма сæ фарнæй хайгин уо. Дæ мади фарнæ æма кадæ дæлæмæ ма æруадзæ!

Гъе, уæхæн аргъ кодта Хъæбæлоти Билар, инсæй анзей дæргъи ке сæргъи лæудтæй, еци адæмæй алкæмæн дæр. Уомæ гæсгæ 'й адæм дæр зæрдтагонæй имисунцæ, æ фæсмæрдæ дæр ин устур кадæ кæнунцæ. Е дæр уой æвдесæн æй, æма Билар республики æнтæстгин райрæзти гъуддагмæ ци устур хунæ бахаста, уомæн некæци барæнтæбæл рабарæн ес – нерæнгæ, æвæдзи, нæма æргъуди кодтонцæ, еци хуни уæзæ рабарун ка бафæраза, уæхæн барæн. Уогæ ес еу уæхæн барæн – адæми зæрдитæ, еунæг уони бон æй уой агъазиаудзийнадæ исбæлвурд кæнун...

**Финддæс æма цуппаринсæй анзей размæ (1927 анзи 18-25 мартъий) Цæгат Иристони автономон облæсти Советти III съезди æрдзубанди кодтонцæ нæ национ скъолай национализаций фæдбæл.**

*Жерар де НЕРВАЛЬ (1808-1855) финста: «Æцæг гений зæнхæбæл федар лæууй. Æма кæд ефстагмæ сау мегътæмæ æ цæстингас раздахуй, уæд айдагъдæр уой туххæй, цæмæй сæбæл æ рохсæй бандзара, уæдта сæ æ араугæ тунтæй ниффалгæрон кæна...»*



Батр КАЛМАНОВ. Одевание невесты.



Алан КАЛМАНОВ. Размышление.

# СОЗВЕЗДИЕ ТАЛАНТОВ



Батр КАЛМАНОВ. Портрет Виктора Орешникова.



Батр КАЛМАНОВ с сыном Аланом.

***В Художественном музее им. М.С. Туганова открылась выставка, которая называется «Традиция». Она посвящена 100-летию со дня рождения заслуженного художника СОАССР Батра КАЛМАНОВА. В нее вошли произведения самого мастера, а также его сына – Алана КАЛМАНОВА и народного художника СССР Виктора ОРЕШНИКОВА.***

***Работы представлены в разных жанрах – портреты, натюрморты, пейзажи. Есть также сюжетные картины, запечатлевшие традиционные осетинские праздники и обряды.***

Каждое из представленных на выставке произведений уникально и самобытно, но всех этих художников объединяет одно – учеба в Академии художеств им. И.Е. Репина.

Батр Калманов является выходцем из селения Ольгинского. В годы учебы в электромеханическом техникуме он был призван в Красную Армию, а в 1941 году попал на фронт. За боевые заслуги был награжден медалью «За оборону Москвы».

Вернувшись с войны в 1945 году, Батр Николаевич пошел работать на завод. В это же время, обнаружив тягу к изобразительному искусству, стал посещать изостудию. Затем он поступил на живописный факультет в Институт живописи, скульптуры и архитектуры им. И.Е. Репина.

После учебы он вступил в Союз художников СССР, вернулся в Осетию и стал работать в области тематической картины, портрета и пейзажа. В 1970-м году за картину «Мать семерых погибших сыновей» Батр Калманов стал лауреатом Государственной премии им. К.Л. Хетагурова.

В своих произведениях художник часто обращался к сюжетам и образам, связанным с Осетией.

Виктор Орешников был преподавателем Батра Николаевича. Народный художник СССР сам является выпускником этого института, долгие годы был ректором учреждения и руководил творческой мастерской живописи. Виктор Орешников – автор разножанровых картин, в том числе и историко-революционных. В экспозицию выставки, представленной в музее Туганова, вошли его работы – портреты художника, врача, Владимира Тхапсаева и несколько других произведений.

Нельзя не обратить внимание и на работы народного художника РСО–А, заслуженного художника РФ Алана Калманова, продолжившего дело своего отца. Свой творческий путь он начал с обучения в художественной школе им. Б.В Иогансона в Ленинграде, а после окончил институт живописи им. Ильи Репина.

Алан Батрович работает в жанре станковой живописи и монументальной скульптуры. В 2007 году за создание памятника сотрудникам спецподразделений «Альфа», «Вымпел» и МЧС, погибшим при освобождении заложников в школе №1 г. Беслана, он стал дипломантом конкурса ФСБ России на лучшие произведения литературы и искусства о деятельности органов Федеральной службы безопасности.

Его работы хранятся в Художественном музее им. Махарбека Туганова, Музее современного искусства в Москве, Министерстве культуры РФ, а также в частных коллекциях Германии, Франции, Испании и США.

***Юлия ДАРЧИЕВА***

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель**: Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон служби Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **500**. Заказ **№483.**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 11.03.2022.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 11.03.2022

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**
**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**